



Pou Piblikasyon Imedya: 27/02/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN DEKRÈ EGZEKITIF KI ÒDONE AJANS ETA YO AK OTORITE YO POU RETIRE FON PIBLIK KI SOTI LARISI

Li Dekrè Egzekitif 14 la [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te òdone tout ajans Eta New York yo ak otorite yo pou revize ak retire fon piblik ki soti Larisi yo apre atak enjistifye ak san pwovokasyon Larisi sou nasyon souveren Ikrèn nan. Eta New York se kay pi gwo popilasyon Ikrenyèn lan nan Etazini, rete angaje avèk administrasyon Biden lan ak prepare pou sipòte refijye kriz la epi [akeyi yo nan eta a](#).

"Larisi te chwazi atake demokrasi epi nou pral kanpe avèk Ikrèn pandan n ap kondane atwosite sa yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Eta nou an p ap pèmèt pwòp aktivite envestisman li, swa dirèkteman oswa endirèkteman, pou ede Larisi pandan l ap komèt vyolasyon dwa moun sa yo. New York se kay pi gwo popilasyon Ikrenyèn lan nan Etazini - yo se fanmi nou, epi yon atak kont yo menm se yon atak kont nou tout. Nou pral fè konnen deklarasyon ak valè nou yo epi montre solidarite avèk Ikrèn pandan n ap reprime atak sou demokrasi sa".

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)